

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1. Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi data dina bab 1V, hasil panalungtikan ngeunaan kohési léksikal dina Novél *Maju Jurang Mundur Jungkrang* karangan Ki Umbara bisa dirangkum di handap ieu.

1. Data kohési léksikal anu kapanggih aya 458 (100 %) data.
2. Dumasar wandana kapanggih aya 6 (genep) kohési léksikal, nya éta (1) kohési léksikal sinonimi aya 49 (10,69%) data; (2) kohési léksikal antonimi aya 74 (16,15%) data; (3) kohési léksikal hiponimi aya 11 (2,40%) data; (4) kohési léksikal kolokasi aya 20 (4,36%) data; (5) kohési léksikal repetisi aya 295 (64,41%); jeung (6) kohési léksikal ékuivalénsi aya 3 (0,65%) data.
3. Dumasar wujudna kapanggih aya 2 wujud kohési léksikal, nya éta (1) kohési léksikal anu tandana jelas “*berpenanda*” aya 452 (98,68%) data; jeung (2) kohési léksikal anu tandana nyamuni “*tak berpenanda*” aya 6 (1,31%) data.
4. Dumasar tatali semantis antar kalimah-kalimah anu ngawangun paragraf/wacana kapanggih aya 13 (tilu belas) kohési léksikal, nya éta (1) tatali ‘sabab-akibat’ aya 92 (20,08%) data; (2) tatali ‘alesan-akibat’ aya 46 (10,04%) data; (3) tatali ‘sarana-hasil’ aya 14 (3,05%) data; (4) tatali ‘sarana-tujuan’ aya 48 (10,48%) data; (5) tatali ‘latar-kacindekan’ aya 36 (7,86%) data; (6) tatali ‘rakitan anggang hasil’ aya 33 (7,20%) data; (7) tatali ‘sarati-hasil’ aya 21 (4,58%) data; (8) tatali ‘babandingan’ aya 29 (6,33%) data; (10)

tatali ‘implikatif’ aya 19 (4,14%); (9) tatali ‘aditif’ aya 49 (10,69%); (11) tatali ‘idéntifikasi’ aya 18 (3,93%); (12) tatali ‘generik-spesifik’ aya 43 (9,38%) data; jeung (13) tatali ‘ngupamakeun’ aya 10 (2,18%) data.

Dumasar kana pedaran di luhur, ieu panalungtikan bisa dicindekkeun kieu:

Kohési léksikal mangrupa aspek formal basa dina wacana, mangrupa organisasi sintaksis, wadah kalimah-kalimah disusun kalawan dalit tur kompak dina ngawangun wacana atawa téks. Kohési léksikal mibanda wanda, wujud, jeung tatali semantis antar kalimah-kalimah anu ngawangun paragraf atawa wacana.

Ditilik tina wandana, wanda kohési léksikal anu remen pisan kapanggih nya éta kohési léksikal repetisi, ari nu saeutik kapanggihna nya éta kohési léksikal ékuivalensi. Ditilik tina wujudna, nu kapanggih lolobana ($\frac{3}{4}$ -na) leuwih kohési léksikal anu tandana jelas “*berpenanda*”, sésana mangrupa kohési léksikal anu tandana nyamuni “*tak berpenanda*”. Ditilik tina tatali semantisna, tatali ‘sabab-akibat’ anu panglobana kapanggih, ari nu saeutik kapanggih, nya éta tatali ‘ngupamakeun’.

5.2. Saran

Patali jeung hasil tina ieu panalungtikan, aya saran anu perlu ditepikeun, saperti ébréh di handap ieu.

1. Ieu panalungtikan téh kaasup kana panalungtikan ulikan pustaka, sumber datana can lengkep kakara sumber tinulis, nya éta novel *Maju Jurang Mundur Jungkrang*. Ku sabab kitu, keur leuwih ngajembaran deui ngeunaan kohési léksikal, dipiharep keur ka hareupna aya lajuning laku kana ieu panalungtikan séjénna nu sumberna dilengkepan ku sumber lisan. Sumber datana can lengkep, kakara sumber tinulis tina novel *Maju Jurang Mundur Jungkrang*, jadi sumberna tunggal. Sumber tulisan bisa dilengkepan deui saperti tina carpon, koran, majalah, jeung sajabana. Ku kituna, ieu panalungtikan perlu dilengkepan, pangpangna ngeunaan kohési léksikal kalawan sumber data anu lengkep.
2. Ieu panalungtikan sipatna murni nya éta nalungtik kohési léksikal tina jihat wanda, wujud, jeung tatali semantisna, can dipatalikeun jeung pangajaran. Ku kituna, perlu panalungtikan séjénna ngeunaan pangajaran kohési léksikal di sakola.

